



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SEREMONI KOUPE RIBAN POU APATMAN 'LOFTS AT UNIVERSITY HEIGHTS' POU 16 MILYON DOLA A KI NAN BUFFALO

Pwojè Fon Better Buffalo a Transfòme Batiman Lekòl Piblik ki Vid Depi Lontan an pou Lòt Itilizasyon

W ap Wè Foto yo [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a seremoni koupe riban pou apatman The Lofts at University Heights ki nan Buffalo. Pwojè Fon Better Buffalo 16 milyon dola a te reyamenaje yon batiman lekòl piblik ki vakan ki mezire 73,000 pye kare pou li vin tounen an 44 apatman lojman. Lojman yo disponib pou fanmi ki ap travay yo, ki gen ladan yo abitan ki ap travay nan zòn anba lavil vil lan oswa ki anplwaye nan Buffalo Niagara Medical Campus. Fon Better Buffalo an se yon konpozan vital nan inisyativ Buffalo Billion lan epi atravè dezyèm faz nan pwogram lan, fon an te bay plis pase 20 milyon dola bay 35 pwojè. Pwojè sa yo ap renove plis pase 450 kay rezidansyèl ak plis pase 190,000 pye kare espas devan magazen ak espas komèsyal yo, pandan y'ap favorize tou plis pase 223 milyon dola nan investisman prive nan Vil Buffalo an. Yo ap revize kounye a aplikasyon pou twazyèm faz yo epi yo pral anonse prim yo pandan sezon prentan sa.

“Buffalo ap sibi yon renesans reyèl pandan ke y'ap transfòme batiman ki abandone yo pou vin tounen nouvo lojman ak nouvel opòtinite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Apatman The Lofts at University Heights yo pral ajoute sou dinamis sa, ede ranfòse vwazinaj vil lan nan bay bon jan kalite lojman pou abitan nan Buffalo yo.”

“Antan ke yon moun ki te fèt Buffalo, mwen kontan epi mwen fyè pou mwen wè renesans vil lan gras a plizyè milya dola nan investisman Eta yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pwojè The Lofts at University Heights lan pral pran ankò yon lòt batiman ki vakan epi retabli epi reyamenaje li pou avantaj elèv, anplwaye, ak abitan Buffalo yo.”

Batiman ki te vakan pandan prèske yon dekad lan, ansyèn lekòl piblik Buffalo a (Buffalo Public School) te transfòme pa CB EMMANUEL pou vin tounen kay lojman dezirab ki gen aksè fasil a transpò piblik. Apatman The Lofts yo, ki sitiye nan 91 Lisbon Avenue,

pral gen ladan yon melanj modèl lojman ki gen yonn ak de chanm a kouche, ki gen ladan yo de kay ki gen de etaj, ak yon ti sal kominotè pou lokatè yo. Genyen tou 59 anplasman pakin sou sit ki mezire 0.84 ekta tèren an.

Fon Better Buffalo a se yon inisyativ 30 milyon dola nan kad inisyativ Buffalo Billion lan, ak yon 10 milyon dola pandan Dezyèm Faz nan inisyativ Buffalo Billion lan, ki dedye a pwojè yo ki ap ankouraje kwasans sou zòn koridò transpò yo epi revitalize distrik komèsyal vwazinaj yo. Pwojè The Lofts at University Heights lan te resevwa yon prè 2 milyon dola nan Fon Better Buffalo a pou depans ki gen rapò ak konstwiksyon ak renovasyon lekòl lan.

“Devlopman atou ki pa itilize anpil yo se yonn nan prensip ke Fon Better Buffalo an te konstwi sou yo”, **Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development Howard Zemsky te deklare.** “Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo nou kounye a ap fè investisman estratejik nan pwojè tankou apatman The Lofts at University Heights lan, epi kreye lojman pou moun ki gen salè varye ki ap kontribiye a ekonomi lokal ki djanm.”

“The Lofts at University Heights demontre enpòtans patenarya piblik prive yo nan revitalize vwazinaj yo. Pwojè sa pa ta pral posib san yon Block Club ki aktif epi angaje, ak patnè gouvènman vil ak eta nou yo ki angaje nan sipòte bon jan kalite lojman ki a pri abòdab yo nan Vil Buffalo an”, **Direktè Prensipal CB EMMANUEL, Ben Upshaw, te deklare.** “An patikilye, pwojè sa pa ta pral posib san asistans Fon Better Buffalo a ki te yon pyès ki enpòtan yon fason konsiderab nan finansman pou fè pwojè sa vin yon reyalyte. CB-Emmanuel Realty, LLC ansanm ak Barnes Real Estate Group yo apresye tout travay di ke patnè prive ak piblik nou yo te fè pou fè pwojè sa vin yon atou kominotè ki presye.”

Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, HCR) lan te bay plis pase 10.1 milyon dola pou devlopman.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, “Reyitilizasyon adaptatif ansyen lekòl ki vakan depi lontan an pou vin tounen bon jan kalite kay ki a pri abòdab sa se yon lòt pa annavan nan revitalizasyon anba lavil Buffalo an. Gouvènè Cuomo konprann ke transfòmasyon kominote yo pou vin santral ekonomik sa mande lojman ki aksesib pou tout moun New York yo, epi li nan pwoksimite travay ak transpò yo. The Lofts at University Heights se dènye demonstrasyon de jan ke nou ap renouvle vwazinaj yo epi ogmante opòtinite lojman yo”.

Vil Buffalo an te otorize yon alokasyon 1.2 milyon dola ki soti nan pwogram Patenarya Envestisman KAY Vil Buffalo an (City of Buffalo HOME Investment Partnership program) pou sipòte pwojè lojman ki a pri abòdab lan.

Majistra Vil Buffalo Byron W. Brown te deklare, “The Lofts at University Heights se yon pwojè transfòmatif pou Distrik Inivèsite an (University District), transfòme Buffalo Public School 63 ki te vakan depi lontan an pou vin tounen kay ki a pri abòdab pou 44

fwaye Buffalo, plis espas kominotè. Mwen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo poutèt li akonpli angajman pataje nou te pran pou kontinye agrandi opòtinite lojman ki a pri abòdab nan Buffalo, pandan ke y'ap reyamenaje yon lòt batiman ki vakan pou vin tounen gen yon itilizasyon pwodiktif pou katye a”.

Senatè Tim Kennedy te deklare, “Apatman The Lofts at University Heights yo se yon pwojè transfòmasyonèl pou Distrik Inivèsite a. Sa ki te anvan sa yon senbòl deklèn ak neglijan li te transfòme an yon lòt senbòl ankò pou kwasans vil ak rejyon nou an. Felisitasyon a CB-Emmanuel Realty ak Barnes Real Estate Corp pou reyisit yo, epi mèsj a Gouvènè Andrew Cuomo pou angajman li nan bon jan kalite lojman ki dirab, epi ki a pri abòdab isit la nan Vil Buffalo”.

Manm Asanble Crystal D. Peoples-Stokes te deklare, “Pwojè The Lofts at University Heights lan se yon pwojè ki gen lontan depi y'ap fè li, epi li pral ede retabli dinamis nan yon vwazinaj ki te pèdi lè lekòl la te fèmen. Mwen fyè anpil epi mwen kontan anpil pou mwen wè yon lòt devlopè minorite fin konplete yon bon jan kalite pwojè, epi mwen espere wè devlopman fiti nan CB Emmanuel”.

Anplis de sa, reyitilizasyon adaptif ak konstriksyon apatman The Lofts at University Heights la yo prè pou resevwa Kredi Taks Istorik nan men Eta New York la ak nan men gouvènman Federal la (Federal and NYS Historic Tax Credits), ke Sèvis Pak Nasyonal la (National Park Service) ansanm ak Biwo New York pou Pak Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la (NYS Office of Parks Recreation and Historic Preservation) pral jere. Depi lè ke Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa pou bay bourad a itilizasyon kredi fiskal istorik eta a an 2013, Eta New York ap mennen nan nasyon an kounye a nan itilizasyon Kredi Fiskal Istorik yo, ak plis pase 4 milya dola envestisman nan pwopriyete komèsyal istorik yo. An konbinezon ak pwogram federal la, pwogram kredi istorik yo te vin tounen yonn nan zouti devlopman ki ap mennen nan eta yo pou reyabilitasyon batiman istorik ki vakan oswa ki pa itilize anpil yo. Yon avantaj adisyonèl pwogram lan se te itilizasyon kredi istorik yo an plis de rekonzans pou lojman ki a pri abòdab yo. Nan ane resan yo, kredi yo te ede kreye plis pase 2,500 kay ki a pri abòdab, ak plis nan sous lan, ki ap ede Eta New York akonpli objektif lojman li yo.

Empire State Development ap administre sibvansyon Fon Better Buffalo a ak fon prè renouvlab pou pwojè Devlopman ki Oryante nan Transpò yo ki mete anfas sou kwasans nan koridò aktyèl yo epi ankouraje transpò altènatif ak deplasman a pye. Gen jiska 2 milyon dola nan eka finansman ki disponib pou pwojè yo ki pwomouvwa devlopman, anplwa ak komès an detay ozanviwon yon ka mil distans a pye soti nan arè transpò komen Buffalo yo ki nan koridò Bailey Avenue, Grant Street, Main Street, Niagara Street ak Utica Street la yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Fon Better Buffalo a vizite: www.esd.ny.gov/BusinessPrograms/BetterBuffaloFund.html.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)